



Direktiv Depistaj Kansè

Pou granmoun risk mwayen

Poukisa mwen ta dwe fè yon depistaj?


Depistaj kansè kapab jwenn kansè pi bonè, nan moman tretman an genyen plis chans pou li reyisi. Nan kèlke ka, depistaj gendwa menm anpeche kansè avan li devlope.

Kisa risk mwen ye?

Pyès moun pa ka predi kiyès ki pral gen kansè oubyen ki p ap genyen li. Genyen kèk kansè moun pran nan fanmi yo. Kondisyon kote n ap viv ak travay, ak fason n ap viv gendwa lakoz kansè tou. Rasis ak lòt fòm opresyon gen enpak sou tout faktè sa yo, sa ki genyen ladann kapasite nou pou jwenn aksè ak swen sante. Moun pami nou yo ki pa genyen istorik pèsònèl oswa famiyal kansè epi ki pa genyen faktè k ap ogmante risk mwayen pou kansè.

Pale ak pwofesyonèl sante w sou depistaj.

Se pi bon bagay nou ka fè pou moun nou renmen yo ak pou tèt nou.



Laj

Depistaj

Laj	Depistaj
Tout laj	Kansè Po Pale ak pwofesyonèl medikal ou sou nenpòt chanjman nan po w oswa si w genyen sentòm tankou chanjman nan gwosè, fòm, koulè kwasans po, oswa si w genyen nenpòt siy ki pa nòmal.
21-29	Kansè Sèvikal Si w genyen yon vajen, yo rekòmande yon tès Pap 3 lane apati laj 21 an.
30-39	Kansè Sèvikal - Tès Pap chak 3 an oswa - HPV chak 5 an oswa - Alafwa, ni tès Pap ak HPV chak 5 an
40-49	Kansè Tete Si w genyen tisi nan tete/pwatin, yo rekòmande mamogram chak de lane apati laj 40 an. Kansè Tete Kontinye tès Pap ak/oswa HPV. Kansè Kolorektal Yo rekòmande depistaj kansè kolorektal apati laj 45 an. Opsyon yo genyen ladann yon kolonoskopi oswa yon tès poupou ki fèt adomisil. Frekans lan pral depann sou ki tès depistaj ou te chwazi.
50+	Kansè Poumon Si w genyen eksperyans fimen epi genyen ant 50-80 lane, pale ak pwofesyonèl medikal ou sou risk ou ak si fè yon eskanè CT dòz fèb chak ane bon pou ou. Kansè Pwostat Soti nan laj 55-69 lane, si w genyen yon penis, pale ak pwofesyonèl medikal ou sou risk ou epi diskite si yon tès espesifik pou pwostat antijèn (PSA) ap bon pou ou. Kansè Tete Kontinye fè mamogram chak de lane, rive nan laj 74 an. Kansè Sèvikal Kontinye fè tès Pap ak/oswa HPV, jiskaske w gen laj 65 an.. Kansè Kolorektal Kontinye fè depistaj pou kansè kolorektal, jiskaske w genyen 75 an. Apre laj 75, diskite ak pwofesyonèl medikal ou pou konnen si wi ou non ou dwe kontinye depistaj.



Direktiv Depistaj Kansè

Pou adilt risk mwayen

Kesyon ou kapab poze pwofesyonèl medikal ou a



- Ki depistaj kansè ou rekòmande pou mwen?
- Ki kote mwen ka ale pou yo depiste mwen?
- Kijan pou mwen pwograme depistaj mwen yo?
- Kijan mwen ka resevwa asistans pou mwen peye pou depistaj si asirans sante mwen an pa kouvri yo?
- Èske genyen rekòmandasyon depistaj espesyal kansè pou moun ki ki te fè operasyon afimasyon sèks?
- Èske sit depistaj ak ekipman an aksesib pou moun ki genyen andikap?
- Èske genyen adomisil pou nenpòt nan depistaj yo sijere yo?

Pale ak pwofesyonèl medikal ou a pou konprann ki depistaj kansè ki bon pou ou.

Si w bezwen èd pou w resevwa swen al gade [lis resous nou yo](#).



Kesyon w kapab poze pwofesyonèl asirans sante w la

- Èske mwen bezwen peye pou depistaj kansè?
- Kisa m ap bezwen peye si mwen gen yon vizit swivi apre depistaj la?
- Èske gen doktè, lopital, oswa etablisman depistaj mwen ta dwe itilize pou tès depistaj mwen yo?
- Kijan m ap fè konnen si yon asirans kouvri doktè, lopital, oswa etablisman tès mwen yo?
 - Si yon doktè, lopital, oswa etablisman tès pa gen kouvèti asirans mwen an, ak kisa mwen ta dwe atann depans mwen yo ye?
- Èske m ap bezwen apwobasyon asirans pou nenpòt depistaj?



Aprann Plis sou Pwogram Kansè nou yo

Pwogram Kontwòl Kansè Konplè



www.mass.gov/MCCCP

Pwogram Kansè Sèvikal ak Tete



www.mass.gov/MBCCP

Pwogram Kontwòl Kansè Kolorektal



www.mass.gov/MCRCCP